# Мама Моь салаз хохкуш ю.

TSJETSJEWSK.



Юлия а, Томас Виесландер

Суьташ дехкинарг  Свен Нурквист



Т1екхаьчнера 1а. Хьелий божал чохь дара.

Шайн –шайна хьойдашна хьалхахьа латтира уьш, Мама Моь йоцург.

Иза божли корехула ара хьоьжуш латтара.





Ц1еххьана цхьаммо кор туьхира.

Мама Моьс кор схьадиллира. Иза Къиг яра.

- Марша йог1ийла хьо Къиг, элира цо. - Бераш гиний хьуна?

- Гина дера, боху Къиго. -Дуккхаза а .

- Уьш салазаш хохкуш ду, боху Мама Моьс. - М-о-о-о-о-1,

ма самукъане ду иза. Хьажахьа цаьрга!

Ахархочуьн йо1 салаз т1ехь дукху чехка чу хахка елира .

Салаз шарша а шорший, ло д1асатухура.

Йо1 салазца слалом хохкуш яра.

Иза слаломковна х1оттабина хьокханна т1екхетаза елира!





Иза цхьа айелла меттиг йолчу кхечира.

Опп ... дунк.

Иза ч1ог1а гена кхоссайелира,

Салазан т1ера охьа а ца южуш.







Ма чехка йоху иза!

Т1еххьаре а хьокханна т1е ца

кхета, салаз д1ахьовзира цо.

Салаз т1ек1алйелира.









Иза салазан т1ера

охьойоьжна лайлаха керчира.

Иза самукъане дара!

Иза ч1ог1а елаелира.







Вай, иза охьа ма йуьйжира ткъа!, элира Къиго.

Иза йоьлуш ю, элира Мама Моьс – М-о-о-о-1, ма самукъа даьлла берийн.

Къаа, къее, элира Къиго. – Суна гуш, уьш ло юккъехь дукхо *1оьхку*, ткъа салаз къ1езго

хохку! Иза самукъане хила йиш йац!

Вай, наггахьа *охьавожа* а ма веза, элира Мама Моьс. – охьавужуш самукъане ма ду.

Охьа изга салаз оьшуш яц царна, уьш шаьш ма барра ло юккъе охьа изгча бойлла,

биэла а боьлуш. Нагахь *иза* иштта самукъане делахь х1инца!





- Вай уьш болчу т1е доьлху, элира Мама Моьс.

- Мича? хаьттира Къиго.

- Салаз хоьхку бераш долчу, Къиг.

- Салаз хоьхку бераш долчу?

шен з1ок хаб а йина, элира Къиго. – Х1унда?

-Хетарехь, цара вайга хахка салаз лур ю,

оцу ахархочуьн бераш дукха эсала ду.

Къиг т1ема елира.

- Х1ан-х1а, къа-къа, элира цо, корта лестош

– Цхьамма ша нуьцкъалла ца хахкитахь соьга.

Вай, м-о-о-1 ткъа, со-м хьоьца салаз хахка дагахь ма яра.

- Мухха а делахь а цхьа етт т1ехь болу салаз-м ца хохку аса

Со ц1а йоьду!

Къиго кор схьадиллира. Иза сиха яра.

Цо т1емаш д1асатесира, т1емаяла дагахь.

Вай, диц ма деллера сунна, элира Мама Моьс. – Цунах иштта а г1уллакх хира дацара.

- Х1у дара иза г1уллакх ца хуьлуш дерг ткъа? хаьттира Къиго, шен т1емаш цхьана а дохкуш.

Вай, цу салазан *т1ом* ма бу, ткъа сан куьгаш ма дац иза лаца, элира Мама Моьс.

-Ткъа къигаш салаз хахканне а ца хохку.

- Хьан аьлла хьоьга иза? хаьттира Къиго, юха а йоьрзуш.

- Ткъа хьа а ма дац куьгаш т1ам лаца, хьоьга а д1аяхита лур яц салаз, элира Мама Моьс.

- *Соьга* д1аяхита лур яц боху ахьа? элира Къиго корах чоьхьа а йолуш.

Х1ан-х1а, Къиг , г1уллакх хира дац цунах, элира Мама Моьс. – Вай салаз йэха оьшуш дац,

вай салаз д1аяхита хууш дац!





- Вай салаз *д1аяхита* хууш дац? элира Къиго, йэгайелла. – Гуьйранна д1адоьлху олхазарех лаьцна хезни хьуна ткъа, Мама Моь?

- Г уьйранна д1адоьлху олхазарш? хаьттира Мама Моьс.

- Иза хьоза а, кхорб1елиг а, ч1ег1ардиг а, бух1а а...

- Бух1а?

- Церан ц1е мухха а елахь а, 1а т1едеача цу бовхачу махка д1адоьлху жима олхазарш, дуьцу аса. Хаьи хьуна къигаш д1а х1унда ца йоьлчу цига?

-Х1ан-х1а, элира Мама Моьс. –Х1унда ца до цара иза?

- Тхо салаз хахка к1ела совцу, элира Къиго.

М-о-о-о-1 йе1 цу г1улкха, элира Мама Моьс. – *Цундела* дара иза?

- Цундела, цундела *бен* даа-м дац, элира Къиго. – со жима йолчу хенахь, салаз хехкар бен кхин х1умма а дина яц со! Массо а къигаш хохку салаз. Х1ора динахь. Динна 1анор. Ткъа салаз д1айохуьтуш ерг даима а со яра.

- Вай, мо1 а, х1о1 а, элира Мама Моьс, - ма дика а ду. Т1аккха хьоьга салаз д1аяхита *лур* ю-кх!



Х1инца Къиг паргlат ю. Цо кор схьадиллира, корах ара кхоссайелира.

Ткъа шен цхьа т1ам д1ахьажира цо.

- Гу т1е! мохь туьхира цо, таккха йоккха г1улч а йоккхуш, д1айолаелира.

- Бераш ц1а дахана. Х1инца вай церан салаз хахка мегир ду, элира Мама Моьс, цунна т1аьхаьа йолайелла.



- Со доьххьара ю! мохь туьхира Къиго, салазан т1е а хууш. - Суна доьххьара хахка лаьа! Со ю доьххьара хахка *езаш* ерг ! Д1ататта со!

- Д1ататта? элира Мама Моьс.

-Х1аъ! Д1ататта! мохь туьхира Къиго. – Яда а йодуш, д1ататта. Суна чехкка чу хахка лаьа салаз!

Чехка хилча , важа дерг ша-шаха хуьлу. Яда а йодуш, д1ататта! Сихо е!



Ткъа атта дацара  Мама Моьн яда а йодуш, д1ататта.

Цуьнан когаш лайх чу оьхура, чож  т1е кхаччалц.

А-а-а-х1!  Ух1! Яда а йодуш, д1ататта! Муха да деза иза? хаьттира Мама Моьс.

- *Етт* санна 1овдал ю-кха хьо! мохь туьхира Къиго, т1ема а йолуш. – Салазан т1е хаа, аса гойтур ду хьуна!



Мама Моь  хала охьахиира салазан т1е.

Иштта докха иза! Яда а йодуш, д1атотту! мохь туьхира Къиго, йоьхь ц1е елла, дукха ч1ог1а д1атоттуш.

Салаз гух чу шершира.

- Чог1а лацалахь, къанйелла нохдаккхархо! мохь туьхира Къиго Мама Моьга.



- Опп1ахь, элира Мама Моьс. – Х1инца со ма ю салаз хохкуш ерг!

Муха дира аса *иза*? Х1у а, х1ай а, м-о-о-1!

Орцах довла.! Салаз д1аяхита ца хаа суна!

Д1арт! Доьххьара слаломковна т1е кхитира иза.

- Слаломковна т1е кхитира-кха со, хетарехь, элира Мама Моьс.

Д1арт! Шоллаха слаломковна т1е кхитира иза.

Д1арт! Кхин цхьана слаломковна т1е кхитира иза.

Д1арт! Кхин цхьана а, кхин цхьана а. Юха кхин цхьана а!

Иза  д1аса хьойзуш яцара!

Иза нисса сламомковнашна т1ехула хехкина йоьдура.

Со нисса-охьа -хохка-слалом хохкуш ю! элира Мама Моьс.

Х1инца цу айелла меттиг йолчу кхечира иза. Салаз кхоссаелира.

Иза ч1ог1а лекха я гена-м ца кхоссаелира, амма иза а дара тоьуш...









Салаз таттйелла ло юккъе яхана, т1ек1алйелира.
Мама Моь цун т1ера охьа йоьжна керчира.

Т1еххьаре а иза сечица, ма1аш йолу боккха

лон мижагах тера яра иза.





Къиг т1еххьре а Мама Моьн т1еккхаьчча , бара иза ло юккъехь, боьлуш 1уьллуш.

Къиг, шен т1емаш шен хьалха хьалалаьцна, оьг1азе хаьжира Мама Моьга.

- Ахьа мелдолу слаломковнаш охьтоьхна, элира Къиго. – Мелдолу слаломковнаш!

-Иза 1аламат самукъане ма дара ткъа! йоьлура Мама Моь.

-Хьо айелла меттиг т1ехула кхоссабелира, элира цо. – Салаз каг ца яларх цецйелла сс

-Уггаре самукъане дериг со цун т1ера охьйожар дара, элира Мама Моьс.

-Ахьа доккха 1уьг даьккхина-кх  ткъа, элира Къиго. – Хьо т1ех сов берстана бу.

Мо1 дер, элира Мама Моьс  - Со-м бац берстана.Ткъа ло ду-кха иза т1ех к1еда дерг.



Иза салаз тІера хьалагІаьттина гича, салаз тІехиира Къиг.

Къиг кхиссалуш гух хьала яхара.

-ХІинца сан рагІ ю, мохь туьхира цо.

Мама Моьс хьала а гІаьттина, салаз гух хьала таккхайира.

-Сан цІога шелло, элира цо. - Салазан тІехьа кхозуш дуьсу иза.

-Салаз  хохкучунна цІога хилар дика дац! мохь туьхира къиго.

-Хинца сан рагІ ю!

-Аса цхьа лыжи тосур ю салазан тІехьа, юха аса иза хохкуш, элира Мама Мос.

-Цунна тІе сайн цІога дилла мегир ду-кх тккъа.





Къиг гун тӀехь лаьттара, мохь бетташ.

-Сихо е Мама Моь!Салаз хьакхачайе кхуза, со охьа хахка йоллу иза!

Мама Моь даккхийн синош а дохуш, узарш а деш гух хьала гӀертара.





Иза салаз т1ера хьалаг1аьттина гича, салаз т1ехиира Къиг.

- Яда а йодуш, д1ататта! мохь туьхира Къиго. – Аса гойтур

ду хьуна слалом муха хохку!

- Иза биргалла самукъане ду, Къиг...

- Со кхоссаяллалц собар де ахьа! Кхоссаяларехь говзанча ю со!

- Сайга ма таттало тотту аса х1ица!

- Чог1а татта! Со кхи а с-и-и-и-иха яха еза!

Т1аккха д1ахеххира Къиго салаз.



-Тидам бе цу юьхкан , элира Мама Моьс.

- Сиха йоьду! мохь туьхира Къиго.

- Иза 1аламат чехка йоьдура.

*Цо* слаломковнах а ца тухура шен салаз.

Цо д1ахьовзина шершира салаз.



Шарша! мохь туьхира Къиго – Кхин цкъа а шарша!
Кхин цкъа а! Чехка йоьду! Хьажа, ло *д1асадетташ*!

Дика хохку ахьа, Къиг. - 1аламат дика!







- Хьажа соьга х1инца! Аса т1емаш д1асадоьллу х1инца.

Аса салазан т1ам ца лоцуш хохку!

Ткъа хьажа х1инца! Со *лаьтташ* ю!



Со салаз т1ехьа лаьтташ ю!

Ткъа хьажа х1инца!

Х1ан-х1а, х1ан-х1а, собар де!

Со сайн б1аьргех тешаш яц.

Со цхьана кога т1ехь лаьтта!

Х1инца *букъ т1ехь* 1уьллуш,

Къиге хьажа х1инца! 1уьллуш ю со х1инца!

салаз хохкуш ю со.

Со гай т1е а йижина, салаз хохкуш ю.

Ткъа х1инца айелла меттиг ю!









Салаз кхоссайелла, лекха ирах яхара.

Т1аккха т1ам д1ахецна, т1ема йелира Къиг.

Салаз латта т1е йоьжча, цунна т1е хиира иза. Нисса т1ома т1е.

– Со т1ома т1ехь 1аш ю, салаз д1айохуьтуш! мохь туьхира Къиг

- Хьажа! Хоьга далур дацара х1ара, Мама Моь!





- Х1инца! мохь туьхира Къиго. – Х1инца

т1ам т1ехь а *лаьтташ* д1айохуьтуш ю со.

Аса д1а ца лаьцна ур-аттал!

Изс сунна сайна а ца хаара соьга далурдуйла.

Инзаре! Х1инца юха хьойзу со.

Со т1ема т1ехь лаьтташ ю.

Со юханехьа а йирзина салаз хохкуш ю.

Тамашина ду! Ма говзанча ю со!



Т1ам т1ехь а лаьтташ юханехьа д1айохуьтуш ю со,

ткъа д1алецца х1уммаъ яц, х1инца б1аьрграш

д1акъовлу аса! Ма инзаре говзанча ю со! Сиха йоьду!

Нисса юьхка т1е йоьду. 1аламат самукъане ду салаз

хохкуш. Юьхк? Х1ун юьхк ю юцург....



- Хьо цу юьхкан т1е кхитира, Къиг, элира Мама Моьс.

– Хьо салазца кхоссаелла ц1оган т1е охьахиира.

- Кхетий хьо, Мама Моь, элира Къиго меллиша. –со т1ема ца елира.

- Муха хилла иза ткъа? Лаза-м ца дина хьан ц1ога?

- Х1ан-х1а, элира Къиго, шен ц1огига хьожуш. – Со лаза ца йина.

Амма ло ч1ог1а хиллера. Ло дара сан ц1ога лазинарг.

- Пекъар, жима Къиг, т1ема яла йицеллера хьо?

- Ух1! элира Къиго. Тамашина ду-кха иза к1еда ло оццул ч1ог1а хилар.

Со ц1а йоьду.

- Ц1а йоьду хьо? Хьалхе дац х1инца? хьаьттира Мама Моьс.

- Х1ан-х1а, элира Къиго – Суна гена ду г1аш яха.

- *Г1аш* яха йоллу хьо?

- Х1аъ, ц1ога жимма лазадо сан. Со т1ема ялалур яц тахана.

Со сайн ц1а чу хьалаяла езар ю.

1а дика йолда хьан, Мама Моь, олуш, текхана ло юккъехула ц1а яхара Къиг



- Къиг ц1а яха *йизир*, элира Мама Моьс. – Амма, суна хетарехь, цунна хазахитира

салаз хохкуш, доьххьара д1а шен луурш дан бакъо шена елчахьана.

Иза 1аламат самукъане дара, соьга хььттича.

Амма уггур самукъане салаз т1ера охьвожар дара!



- Чог1а лацалахь, къанйелла нохдаккхархо!

мохь туьхира Къиго Мама Моьга. Цо 1аламат

ч1ог1а, шен з1ок ц1е яллалц, д1атеттира Мама

Моьн салаз.

Амма Мама Моьга салаз д1аяхита ца лора.

Д1арт. Доьххьара слаломковна т1е кхитира иза.

Юха кхин цхьаъ а – кхин цхьаъ а...

Со нисса-охьа-хохку - слалом хохкуш ю! элира

Мама Моьс, массо а слаломковнаш охьатухуш.

Таккха кхоссало салаз, Мама Моь охьайоьжна,

ло юккъехь кирчира, ша ма1аш йолу 1аламат

боккха ло мижарг хиллалц...

Цхьа суьрташ долуш тептар, дахарех а,

комически ситуацех а юзна а йолуш,

Мама Моьн а, Къиган а, гу т1ехула охьа

акха салаз хехкарехь лаьцна.

ISBN 978-82-517-7942-5
9 788251 779425
www.cappelendamm.no

CAPPELEN DAMM